**दिन–रविवार** **दिनांक–23.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ कहलनि जे आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस–ए.आई केर क्षेत्र मे भारत तेजी सँ अपन मजगूत पहचान बना रहल अछि। आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रमक माध्यमे राष्ट्र के सम्बोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे भारतक लोक नव प्रौद्योगिकी अपनेबा मे किनको सँ पाछा नहि छथि। ओ जनौलनि जे हालहि मे जखन ओ ए.आई केर एक पैघ सम्मेलन मे भाग लेबा लेल पेरिस गेलाह तऽ ओतऽ दुनिया एहि क्षेत्र मे भारतक प्रगतिक सराहना कयलक। श्री मोदी कहलनि जे भारतक लोक आइ ए.आईक उपयोग अत्यंत रोचक आ उपयोगी ढंग सँ कऽ रहल छथि। प्रधानमंत्री एहि बात पर जोर देलनि जे युवा लोकनिक भागीदारी सँ अंतरिक्ष आ आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस जेहेन विभिन्न क्षेत्र मे नव क्रांति आबि रहल अछि। ओ एहि बात पर गर्व व्यक्त कयलनि जे देश पछिला मास इसरोक माध्यमे अपन एक सयम रॉकेट छोड़लक। प्रधानमंत्री अंतरिक्ष वैज्ञानिकक टीम मे नारी शक्तिक भागीदारी बढ़ला पर सेहो संतोष व्यक्त कयलनि।

प्रधानमंत्री एहि मासक अट्ठाईस तारीख के राष्ट्रीय विज्ञान दिवस मनेबाक परिप्रेक्ष्य मे श्रोता लोकनि के सुझाव देलनि जे ओ अपन एक दिन वैज्ञानिकक रूप मे बिताबथि। जाहि मे ओ कोनो अनुसंधान प्रयोगशाला, प्लैनेटेरियम अथवा अंतरिक्ष एहन जगह पर जा सकैत छथि। श्री मोदी आठ मार्च के अंर्राष्ट्रीय महिला दिवस मनाओल जयबाक चर्चा सेहो कयलनि। ओ कहलनि जे ई नारी शक्ति के सलाम करबाक विशेष अवसर अछि। प्रधानमंत्री घोषणा कयलनि जे एहि बेर महिला दिवस पर ओ एक विशेष पहल के लऽकऽ अपन एक्स आ इंस्टाग्राम जेहन सोशल मीडिया अकाउंट एक दिन लेल किछु एहन प्रेरक महिला के सौंपताह, जे अलग–अलग क्षेत्र मे उपलब्धि प्राप्त कयने छथि, नवाचार कयने छथि अथवा अपन एक अलग पहचान बनौने छथि। आठ मार्च के ओ अपन काज आ अनुभव के देशवासी लोकनि संग साझा करताह।

प्रधानमंत्री उत्तराखंड मे राष्ट्रीय खेलक रोमांचक सेहो चर्चा कयलनि, जतऽ एगारह हजार सँ बेसी खेलाड़ी शानदार प्रदर्शन कयलनि। श्री मोदी मन की बात मे एक महत्वपूर्ण विषयक रूप मे मोटापाक समस्याक चर्चा कयलनि। ओ कहलनि जे एक चुस्त आ स्वस्थ राष्ट्र बनेबाक लेल हमरा लोकनि के मोटापा सँ निपटबाक होयत। ओ कहलनि जे आइ प्रत्येक आठ मे सँ एक व्यक्ति एहि समस्या सँ ग्रसित छथि। बीतल वर्ष मे मोटापा मामिला दूगुना भऽ गेल आ एहि सँ बेसी चिंताक विषय ई थिक जे बच्चा सभ मे सेहो मोटापाक समस्या चारिगुना बढ़ि गेल अछि। ओ सुझाव देलनि जे एहि समस्या सँ निपटबाक लेल खाद्य तेल मे दस प्रतिशतक कमी कयल जा सकैत अछि।

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बोर्ड परीक्षा मे भाग लऽ रहल परीक्षा योद्धा लोकनि के शुभकामना देलनि। ओ विद्यार्थी लोकनि सँ कहलनि जे बिना तनाव लेने सकारात्मक भावना सँ अपन परीक्षा देथि। श्री मोदी एहि बात पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि जे परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम आब संस्थागत रूप लैत जा रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि वर्ष एक नव फॉर्मेट मे परीक्षा पर चर्चाक आयोजन कयल गेल।

---

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे मखानक किसान लोकनि के सभ प्रकारक सहायता देल जायत। दरभंगाक राष्ट्रीय मखाना अनुसंधान केन्द्र मे किसान लोकनि सँ संवाद करैत श्री चौहान कहलनि जे किसान के मखानक उचित मूल्य दिएबाक लेल बाजारक विस्तार कयल जायत। ओ कहलनि जे बजट मे मखाना बोर्डक घोषणा कयल गेल अछि, जकरा जल्दीए मूर्त रूप देल जायत। कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि भागलपुरक हवाई अड्डा मैदान मे आयोजित कार्यक्रम मे पीएम किसान सम्मान निधिक उन्नैसम किस्त निर्गत करताह। केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण

मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ पटना मे संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे प्रधानमंत्री नओ करोड़ अस्सी लाख किसानक खाता मे करीब बाईस हजार सात सय करोड़ टाका अंतरित करताह।

———————————————————————

केन्द्रीय मेत्री गिरिराज सिंह आइ बेगूसरायक कौशल विकास प्रशिक्षण केन्द्र मे समर्थ योजनाक उद्‌घाटन करैत कहलनि जे ई योजना टेक्सटाइल उद्योग सँ जुड़ल लोक के ताकत देत।

———————————————————————

दरभंगा मेडिकल कॉलेज आइ अपन स्थापनाक एक सयम स्थापना  दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर भव्य कार्यक्रम आयोजन कयल गेल अछि।

———————————————————————

आई.सी.सी चैंपियंस ट्रॉफी मे आइ भारतक मोकाबिला चिर प्रतिद्वंद्वी पाकिस्तान सँ भऽ रहल अछि। दुबई मे खेलल जा रहल एहि मैच मे पाकिस्तान टॉस जीतकऽ पहिने बल्लेबाजी करैत दस विकेट पर दू सय एकतालीस रन बनौलक। भारत के ई मैच जीतबाक लेल दू सय बियालीस रन बनेबाक लक्ष्य भेटल अछि।

———————————————————————

समाप्त